



Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO EGZIJANS AK ORYANTASYON POU RETOU SAN DANJE LEKÒL NEW YORK YO

*Egzijans pou tès COVID-19 pou pwofesè ak lòt anplwaye lekòl—avèk opsyon pou pa vaksinen—adopte pa Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante; Li Règleman an [isit la](#) ak lèt detèminasyon DOH la [isit la](#)*

*Depatman Sante a pibliye nouvo oryantasyon pou re-ouvèti lekòl Kindègadenn rive 12yèm; Li oryantasyon [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke estrateji li pou re-ouvri lekòl yo san danje te fè yon gwo pa sou de aspè, ki demontre angajman administrasyon li pou rann sante ak byennèt elèv, pwofesè ak fanmi yo yon priyorite prensipal. Bonè jodi a, Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante (Public Health and Health Planning Council, PHHPC) te adopte yon règleman ijans epi Komisè Sante a te pibliye yon detèminasyon ki egzije tout pwofesè, administratè ak lòt anplwaye lekòl pou soumèt tès COVID-19 chak semèn amwenske yo montre prèv vaksinasyon, avèk swa yon kat vaksen CDC oswa Excelsior Pass.

Gouvènè a te anonse tou Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la te finalize ak pibliye [oryantasyon ofisyèl](#) pou ansèyman nan salklas la. Nouvo aksyon sa yo swiv [anons Gouvènè a semèn pase sou egzijans mask](#) pou tout moun nan bilding lekòl pandan lè ansèyman ak aktivite paraskolè. Oryantasyon an priyorize aprantisaj an pèsòn ak detaye rekòmandasyon ak egzijans pou vaksinasyon, mask figi, distans fizik ak tès pou siveye transmisyon posib, pami lòt domèn yo. Oryantasyon sa a swiv an gran pati oryantasyon CDC ke distri yo te jwenn rekòmandasyon pou yo swiv. Li fèt tou pou sèvi kòm yon baz epi lekòl yo gen fleksibilite pou ale odela oryantasyon an.

"Pryorite prensipal mwen se pèmèt timoun yo tounen lekòl epi pwoteje anviwònman an pou yo ka aprann, epi kenbe tout moun an tout sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan premye jou administrasyon mwen an, mwen te anonse yon seri inisyativ odasye pou retou lekòl, sa gen ladan yon egzijans pou mask inivèsèl pou nenpòt moun k ap antre lekòl nou yo. N ap pibliye nan moman an oryantasyon an pou asire pèsònèl lekòl nou vaksinen oswa teste regilyèman pou tèt yo ak fanmi yo, elèv nou yo ak kominote nou yo. Timoun nou yo merite rete an sekirite ak pwoteje nan lekòl yo, epi m ap fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou garanti sa".

[Règleman ijans](#) lan, ki otorize Komisè a pou egzije tès chak semèn oswa prèv vaksen, pral aplike pou tout lekòl yo nan Eta New York jiskaskè li pa nesèsè ankò jan sa dekri nan langaj règleman an.

Pandan yon reyinyon sou Zoom, responsab lekòl, lidè sendika ak lòt defansè edikasyon yo te mande pwofesyonèl sante piblik yo nan Eta a pou bay klarifikasyon ak oryantasyon anplis sou re-ouvèti lekòl. Dapre nouvo direktiv la, lekòl yo ta dwe aplike distans fizik nan mezi posib nan estrikti yo men ta pa ta dwe eskli elèv yo nan aprantisaj an pèsòn pou satisfè yon egzijans distans minimòm. Anplis de sa, yon distans omwen 3 pye rekòmande anpil ant tout elèv yo ak yon distans omwen 6 pye rekòmande ant elèv ak pwofesè/anplwaye yo, epi ant pwofesè/anplwaye yo ki pa vaksinen konplètman. Elèv ak chofè yo dwe mete mask nan bis lekòl yo, sa gen ladan bis sistèm lekòl piblik ak prive yo jere, kèlkeswa kondisyon vaksinasyon, epi sijè ak eskizyon ak egzansyon ki aplikab.

**Komitè Depatman Sante Eta a Howard Zucker te deklare**, "Nou bezwen pèmèt tout timoun yo tounen lekòl epi nan yon anviwònman ki san danje ki ankouraje aprantisaj sen. Pandan n ap kontinye travay avèk distri lekòl lokal ak depatman sante lokal yo, nou te tandè kòmantè paran, pwofesè ak defansè edikasyon yo ki te mande oryantasyon anplis nan tout eta a sou mask, vaksen, distans sosyal ak tès ak pou rekòmandasyon sou defi tankou sekirite nan bis lekòl ak reyalize espò ki gen gwo risk ak aktivite paraskolè".

[Detèminasyon Komisè pou mask nan lekòl](#) la, ki te pibliye nan 27 out, aplike pou tout anviwònman alenteryè, sa gen ladan espò alenteryè ak aktivite paraskolè yo. Pou espò alenteryè ak aktivite paraskolè yo kote mask pa posib, tankou naje, yon distans minimòm 6 pye dwe respekte. Nou ankouraje lekòl yo pou aplike tès depistaj obligatwa pou patisipan yo ki pa vaksinen konplètman.

Lekòl yo dwe gen kapasite ak ofri tès depistaj pou nenpòt pwofesè ak anplwaye omwen yon fwa chak semèn. Lekòl yo dwe gen kapasite tou pou bay tès dyagnostik pou nenpòt elèv, pwofesè oswa manm pèsònèl ki gen sentòm oswa ki te ekspoze ak yon moun ki enfekte avèk COVID-19. Gen yon seri opsyon ak gwo finansman pou reyalize tès sa a epi lekòl yo ta dwe kontinye travay depre avèk Depatman Sante lokal yo.

Anplis aplikasyon egzijans tès-vaksen an, DOH rekòmande tout distri lekòl piblik yo ak lekòl ki pa piblik yo pou sipòte opòtinite pou elèv ak anplwaye yo jwenn aksè ak klinik vaksinasyon COVID-19 an kolaborasyon avèk patnè sante lokal yo. Oryantasyon an kontinye egzijans rapò chak jou a pou distri lekòl yo pou asire yo bay Kat Rapò COVID Lekòl Eta New York la done yo, yon lòt zouti pou pataje enfòmasyon sou COVID-19 avèk fanmi ak kominote yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri konsilte oryantasyon lekòl DOH la [isit la](#) ak règleman PHHPC a [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)